



# Kisa Kansè Ye?

Kansè kòmanse lè yon eleman chanje nan jèn ki nan youn oswa plis selil. Jèn yo se pyès ADN (asid deyoksiri-bonikleyik) ki andedan chak selil. Kèk jèn di selil la sa pou li fè ak lè pou li grandi ak divize. Men lè jèn sa yo domaje, selil la kapab vin yon selil kansè, epi li pa travay nan fason li ta dwe travay. Lè yon kansè kòmanse, li kapab grandi san kontwòl, anvayi selil nòmal yo, epi anpeche selil nòmal yo fè sa yo sipoze fè.

## Ki kote kansè kapab kòmanse?

Selil kansè yo kapab fòme nenpòt kote nan kò a, tankou ògàn yo, miskilati yo, zo yo ak san an. Anjeneral kansè a pote non pati kò oswa kalite selil kote li te kòmanse a. Pa egzanp, kansè ki kòmanse nan tete rele kansè tete. Menmsi kansè a simaye nan lòt pati kò a li toujou rele kansè tete.

Paske kansè a kapab simaye nan lòt pati kò a sa fè selil kansè yo diferan avèk selil nòmal yo. Transmisyon sa a rele metastaz. Selil kansè yo kapab rive nan gangliyon lenfatik yo oswa nan lòt ògàn kò a, sa k ap lakòz pwoblèm avèk fonksyon nòmal kò a.

Kèk kalite kansè grandi epi yo simaye vit. Lòt kansè yo grandi pi dousman. Kèk ladan yo pi fasil pou simaye nan lòt pati kò a. Lòt yo ka rete kote yo te kòmanse epi yo pa simaye.

## Kisa yon timè ye?

Yon timè se yon kwasans ki fòme avèk anpil selil ki rasanble. Kèk timè se kansè, sa ki vle di yo gen selil kansè ladan yo. Men anpil timè pa kansè. Timè ki pa kansè rele beniy. Timè ki kansè rele maliy.

Kèk kansè pa kòmanse tankou timè men yo rive akòz domaj nan selil yo ki nan san an. Selil domaje sa yo kapab lakòz kansè tankou lesemi, myelòm, ak lenfòm.

## Kisa ki lakòz kansè?

Sèten abitid nan mòdvi, jèn moun eritye nan paran, epi lè moun ekspoze nan ajan ki lakòz kansè, tout sa kapab afekte fason ak lè kansè ta ka kòmanse. Bagay sa yo ka domaje jèn ki nan selil yo, sa ki kapab pafwa lakòz kansè. Men anpil fwa, pa gen kòz yo konnen pou yon kansè.

Moun kapab ede redui risk yo pou gen kansè depi yo kanpe lwen tabak, rete nan yon gwosè ki bon pou sante yo, manje sa ki bon pou sante yo, fè egzèsis fizik, , evite oswa limite alkòl, epi pwoteje po yo kont solèy la. Men, gen kèk bagay ki ogmante risk yon moun pou gen kansè epi yo pa kapab kontwole bagay yo, tankou jèn yo eritye nan paran yo ak chanjman nan selil ki rive lè yon moun ap pran laj.

## Kijan doktè dekouvri kansè?

Doktè dekouvri kèk kansè lè yon moun gen sentòm ki pa ale. Doktè dekouvri lòt kansè yo lè yon moun fè tès depistaj regilye. Tès depistaj yo kapab ede doktè jwenn sèten kansè anvan yon moun gen sentòm yo, lè kansè yo pi piti ak pi fasil pou trete.

## Kisa etap kansè a vle di?

Pou pifò kalite kansè yo, doktè fè kèk tès pou wè ki gwo sè kansè a ye, si li grandi deyò kote li te kòmanse a, epi si li simaye nan lòt pati yo nan kò a. Sa rele etap kansè a. Pifò kalite kansè yo resevwa yon etap apati etap 1, sa ki vle di kansè a pa simaye ditou, jiska etap 4, sa ki vle di kansè a simaye nan lòt pati kò a. Gen yon etap 0 tou, sa ki vle di selil domaje yo toujou rete sèlman nan kouch selil kote yo te kòmanse. Selil etap 0 pa kansè men yo kapab vin kansè paske yo domaje. Etap kansè a enpòtan paske li ede doktè yo konnen ki tretman ki pi bon.

Pou kèk kalite kansè, doktè yo fè kèk tès siplemantè sou selil kansè yo pou wè si selil sa yo gen chanjman nan jèn oswa chanjman nan pwoteyin ki ta ka fè sèten tretman travay pi byen.

## Kijan doktè trete kansè?

Doktè kapab trete anpil kalite kansè avèk siksè. Tretman komen pou kansè se operasyon, medikaman, ak radyasyon. Pafwa doktè yo itilize plis pase yon kalite tretman, selon kalite ak etap kansè a. Se paske diferan kansè yo reponn nan tretman an nan fason diferan.

- Doktè kapab itilize operasyon pou retire yon pati nan yon kansè oswa tout kansè a. Operasyon ka se sèl tretman ki nesesè si yon kansè senpleman nan yon kote, oswa doktè ka itilize li ansanm avèk lòt tretman yo.
- Doktè ka itilize radyasyon pou touye selil kansè yo oswa pou ralanti kwasans yo nan yon zòn nan kò

a. Pifò tretman radyasyon se tankou lè ou fè yon radyografi. Lòt fwa yo doktè bay li lè yo mete yon sous radyo-aktif andedan oswa toupre timè a pou degaje radyasyon an.

- Anpil fwa, doktè itilize medikaman yo pou touye selil kansè yo oswa pou ralanti kwasans yo. Doktè bay kèk nan medikaman sa yo nan yon venn avèk yon zegwi (IV), lòt medikaman yo se yon gress pou vale, epi doktè ta ka bay lòt yo medikaman yo nan lòt fason. Chak medikaman travay yon fason diferan, epi pafwa doktè itilize de oswa plis medikaman ansanm pou trete yon kansè. Men tout medikaman yo travay nan kò ou, pa sèlman nan yon kote. Kalite medikaman doktè yo itilize pou trete kansè se kimyoterapi, terapi sible, imino-terapi, ak terapi ômonal.

Tretman chak moun baze sou kalite etap kansè yo. Ekip swen kansè a ap analize kote kansè a te kòmanse, gwo sè li ye, si li simaye, ak tout rezulta tès yo. Laj yon moun oswa lòt pwoblèm sante ta ka afekte chwa tretman yo tou. Lè ekip swen kansè a jwenn enfòmasyon yo bezwen, y ap gade gid tretman ekspè yo mete anplas pou wè sa ki pi ka travay.

Apre ekip swen kansè wè ki chwa tretman ki disponib, y ap diskite sou chwa yo avèk moun ki gen kansè a. Ansanm, moun ki gen kansè ak ekip swen kansè ap deside ki tretman ki pi bon. Ekip swen kansè pral disponib pandan tout tan tretman an pou ede reponn kesyon, kontwole efè segondè yo epi swiv fason tretman an ap travay.

**Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò chak jou, rele Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org**. Nou la lè ou bezwen nou.**



cancer.org | 1.800.227.2345

HAITIAN CREOLE  
©2021, American Cancer Society, Inc.  
No. 004506 -Rev.11/21  
[bbb.org/charity](http://bbb.org/charity)

